# Нур

10

2019



ISSN 0207-6551

6+

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег



## Хэт ар?

ТIыркъэ, тIыркъэ, тIыркъэ!
Зэпымыууэ ар мэтIыркъэ.
ТIыркъэ, тIыркъэ, тIыркъэ!
Еш имыщIэу, пхъэм тотIыркъэ.

Ар мыгъукIэ, ар мыпхъащIэ,
Абы ищIэри уэ къащIэ…
И пэр дыду и щхьэр уадэ?
Ар пэ псыгъуэ, ар щхьэ пIащэ?

ТIыркъэ, тIыркъэ, тIыркъэ!
Емышыжу ар тотIыркъэ.
ТIыркъэ-тIыркъэу а бзу цIыкIу
И цIэр дощIэ: ЖыгыуIу цIыкIу!



## Адакъэжьыр

Адакъэжьыр пщIантIэм щоIуэ,
Руслан цIыкIуи къегъэуш.
КъитIысхьауэ пIэм мэлъаIуэ:
– Ялыхь, гъэхъу мы Iуэр гуэгуш!

Гуэгушыхъур жьырытэджкъым,
КIыфI зэхэту къэмыуш.
Сыкъыхишкъым сэ жей IэфIым –
Къэдвгъэхъуэж, сыхуейщ гуэгуш!



## Данэ

Цы топ цIыкIуу
Хъуреибзэу,
ЦыIэрылъхьэ
НэкIу хужьыбзэу,
Щхьэ хъурыфэу,
И фэр тхьэхуу,
Уэгуш шыррэ
Нур щыгъэхуу,
Нышэдибэ
ШхыIэн щIагъым
Дыгъэ-щыгъэ
КъыщIэщащ!
Пэшыр
Нуру къигъэнэхуу,
Дуней иныр
КъыфIэIуэхуу,
Жьгъыру макъкIэ
Зэрылъэлъу,
ГъуэлъыпIэкум
КъитIысхьащ.

Iэбэ цIыкIур ищIу,
Мамэ зыхуеший.
Папэ игъэгуфIэу,
ЕщIыр лъабэдий.



## Ныбэхуэфl

Сытlысамэ пщэдджыжьышхэ,
Си хьэ цlыкlур къыздотlыс.
Сэ а цlыкlур здызогъашхэ,
Зэхызопщэ и хьэlус.

Сэ иджыри шхэн щlэзмыдзэу,
Хьэм и фалъэр еунэщl,
И нэ цlыкlухэр щlиукъуанцlэу,
Тхьэмыщкlафэ зыкъысхуещl.

Сэ изот абы си lыхьэр –
Егъэкlуэщl ар щхьэзыфlэфl.
Согъэтхъэж апхуэдэу си хьэр,
Хьэнтхъупсныбэ-ныбэхуэфl.



## Укъэмыкlуэ, уэшх

Укъэмыкlуэ, пшэ, дыдей,
Къыздумышэ уэшхыр.
Нобэ уэшх дэ дыхуэмей,
Е пщэдей къегъэшх ар.
Нобэ псым зыщыдогъэпскl –
Дыгъэр ди псым хопсэ.
Уэшхым дэ думыгъэгъэпскl,
Псыхъуэр ди псэм хопщlэ.



## Гъэмахуэ

Гъэмахуэ махуэ,
Гъэмахуэ хуабэ.
Дадэ lумахуэ,
Нанэ lу щабэ.
Гъэмахуэ дыгъэ,
Гъэмахуэ дыщэ.
Зыгъэпсэхугъуэ,
Зыгъэтхъэжыгъуэ!



## Дадэ и гъэфlэн

Дадэ и къуэ цlыкlунитlэ
Сытым хуэдэу заранщу.
Мис, мыбдеж щысащ ар нетlэ,
Мес, Парикъэ егъэшу.
Фийуэ джэдым тфlыхолъадэ,
Адакъэжьыр къегъэгубжь.
Теплъэкъукlмэ абы дадэ,
Игъуэтыжкъым и лъэужь.
Ди гъунэгъум ежэкlамэ,
Гуэгуш анэр егъэлъей.
Къазыхъужьым кърихужьамэ,
Ди жыгейм ар ныдолъей.
Дунейжьыр зэщlегъэхьэ,
Дэнэ щlыпlи къыщыщlедз.
Унэм щlэсым я щхьэр щlахьэ,
Пэщlэхуамэ хьэм – зыlуедз.
– Мыдэ, хъумэ ар инышхуэ,
Нэхъ щlалэфl фигъэлъыхъуэнщ,–
Жеlэ, дадэ, иригушхуэу:
«Си къуэрылъхур си гъэфlэнщ».



# Адыгэ анэ – сыту улъэщ!!!

*«Нурым» и щIэджыкIакIуэ цIыкIухэ, фэ фщIэрэ илъэс къэс анэм и махуэр щэкIуэгъуэм и иужьрей тхьэмахуэ махуэм зэрагъэлъапIэр? Мы гъэм ар 24-м ирохьэлIэ.*

Анэм и IэфIагъымрэ абы и гуакIуагъымрэ темыт-хыхьа, ар къэзыIуэтэну хущIэмыкъуа тхакIуэ щыIэу фIэщщIыгъуейщ. Сэ зи гугъу фхуэсщIынур адыгэ анэм зэрахьа лIыгъэшхуэрщ. Нэхъ ипэкIэ ди журна-лым тетащ Беслъэней къуажэм дэс шэрджэс анэ-хэм Хэку зауэшхуэм и зэманым кърагъэлауэ щыта журт сабийхэм я хъыбар. Абы зэрахьа лIыгъэм ду-ней псор щыгъуазэщ,фэеплъ сын екIу дыди я къуа-жэм щыхуагъэувыжащ.

Фэ фщIэрэ адыгэ анэм и пщIэр зыгъэлъагэр? Сабийм гузэвэгъуэ телъу илъагъумэ, бийм я нэхъ пхъашэр и псэ къеIэми, абы шынэ ищIэнукъым. Мыр хамэт, модрейр хэгъэрейт, жиIэу зэхэгъэж зэримыщIырщ адыгэ анэм и цIэр жыжьэ зыгъэIуар. **ЛIыхъужьыгъэр зэи лъэужьыншэ хъуркъым!**

Иджыблагъэ хъыбарыфI къэIуащ: Беслъэней анэ-хэм я фэеплъ сын Бытырбыху щагъэувыну унафэ къащтащ, здагъэувыну щIыпIэмкIи зэгурыIуащ (*Но-вочеркасскэ уэрам, «Малая Охта» егъэджэныгъэ комплексым лицей № 533-м и деж)*. А лицеймрэ Беслъэней къуажэ дэт курыт еджапIэмрэ зэдэлэ-жьэну зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ.

Мы Iуэхум дыщыгуфIыкI пэтми, Бытырбыху и къа-лэ администрацэр мылъкукIэ пэлъэщынукъым фэ-еплъым и егъэщIынми, абы и гъэувынми. Аращи, адыгэу дунейм тетым, Беслъэней къыщрагъэла са-бийхэм ящыщу къэнахэм, къатехъукIыжахэм (*мыр зи жэрдэмыри ахэрщ*), мы Iуэхум гъуэгу игъуэтыну щIэхъуэпсхэм ахъшэ зэхуахьэс. Iуэхур дэхыныр и пщэ ирилъхьэжауэ зэрыхузэфIэкIкIэ и гуащIэ хелъ-хьэ **Къэрэшей-Шэрджэс республикэм и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я хасэм и Тхьэмадэ Уэхъутэ Александр**. Фэеплъым теухуауэ интер-нетым псалъэмакъышхуэ щокIуэкI. Хэт игу ирохь, хэти еуб. Фэ дауэ къыфщыхъурэ?



# «Анэ» фэеплъым теухуауэ

*Фэеплъыр зыIущIар КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI-скульптор, профессор, УФ-м сурэт щIынымкIэ и Академием хэт* ***СэвкIуий Хьэмидщ****.*

«Мать заступница» зыфIища мы фэеплъым щIагъыбзэ куу щIэлъщ. ЛIыхъужьыгъэ зезыхьа адыгэ анэм и образыр и нэгу къызэрыщIэувам хуэдэу ищIащ: бийм ящихъумэу бзылъхугъэм и кIэ къуащIэм щIегъапщкIуэ и бынхэмрэ гузэвэгъуэ хэхуа хамэ сабийхэмрэ. Ар цIыху зыпI анэщ, зауэлIщ, къыщхьэщыжакIуэщ. Аращ фэеплъым и щIыбагъымкIэ дунейпсо IуэрыIуатэм щыцIэрыIуэ «Капитолийская волчица» – дыгъужь анэм и сурэтыр щIытрищIыхьари. IуэрыIуатэм къызэрыхэщымкIэ, а дыгъужьым и быдзышэкIэ игъашхэурэ, зэтIолъхуэныкъуэ сабий цIынэхэу Ромулрэ Ремрэ къригъэлауэ щытащ. Абы лъандэрэ а дыгъужь анэм и теплъэр Рим и фэеплъу къалъытэ.

СимволизмэкIэ гъэнщIауэ СэвкIуийм и Iэдакъэ къыщIэкIа а фэеплъ телъыджэм гъащIэ игъуэтыну дыщогугъ.

***ЩОМАХУЭ** Залинэ*

Сурэтхэр зи IэдакъэщIэкIыр

***СЭВКIУИЙ** Хьэмидщ*


















# МАТЕМАТИКЭМ АКЪЫЛЫР ЕУЗЭЩI

## МЕНТАЛЬНЭ АРИФМЕТИКЭМ ЗЕУЖЬ

*«ALOHA» еджапIэм ментальнэ арифметикэр щрагъэдж.Абы йоклуалIэ дунейпсо, къэралпсо зэхьэзэхуэхэм щытеклуауэ зи цIэ къитIуэ сабийхэр. Ахэр псори налшыкдэсщ.*

**Муссей Санэ** («Дыгъэпс къалэм» щоджэ, 7 кл.). Япэ дунейпсо зэпеуэмрэ урысейпсо зэхьэзэхуэмрэ Гран-при къыщихьащ.

**КIыщ Рашид** (едж***.*** № 5; 4 кл.). Дунейпсо, урысейпсо зэпеуэхэм я гранд чемпионщ, дыщэ саугъэтри къыхуагъэфэщащ.

**Егужокъуэ Дамир** (едж***.*** № 27; 4 кл.). Дунейпсо зэхьэзэхуэм зэ щытекIуащ, урысейпсо зэпеуэм тIэунейрэ бжьыпэр щиубыдащ.

**Къанэмэт Алинэ** (едж***.*** № 32; 4 кл.). Урысейпсо зэпеуэм – япэ, дунейпсо зэхьэзэхуэм ещанэ увыпIэ къыщихьащ.

**Уэлий СультIан** (прог. № 34; 3 кл.), **Къуэдзокъуэ Софие** (еджь. № 2; 3 кл.), **Теувэжыкъуэ Лалинэ** (еджь. № 32; 1 кл.) урысейпсо зэпеуэм щытекIуахэщ.

**Мэзло Лие** (лицей № 2; 8 кл.). Урысейпсо зэпеуэм етIуанэ увыпIэ къыщихьащ.

## КАВКАЗ ИЩХЪЭРЭ ЗЭХЬЭЗЭХУЭР

*Мы гъэм шыщхьэIум (августым) и 17-м Грознэ къалэ щекIуэкIа япэ чемпионатым ныбжьыщIэу 100-м щIигъу щызэпеуащ, ди республикэм щыщу абы еджакIуэ 23 екIуэлIати, 13-м ехъулIэныгъэ яIэщ!*

***Дыщэ медаль:*** **КIыщ Рашид, Гаджиев Рамазан, Степанюк Кирилл, Нальгиев Мухьэммэд, Теунэ Равидэ.**

***Дыжьын:*** **Къанэмэт Алинэ, ЛъыIэщын Лев, Мэзло Лие, Егужокъуэ Дамир.**

***Домбеякъ:*** **Бжий Лалинэ, Къуэдзокъуэ Софие, Тенджыз Заур, Ныр Ахьмэдхъан.**

ТекIуахэр ахъшэкIэ, саугъэтхэмкIэ ягъэгуфIащ къызэгъэпэщакIуэхэм.

«ALOHA» еджапIэм и егъэджакIуэ Муссей Ларисэ депсэлъылIати, къытхуиIуэтаращ: «Мыр ди щыпэ зэхьэзэхуэкъым. 2017 гъэм зэхэта урысейпсо зэпеуэм ди еджакIуэ 12 пашэ щыхъуащ. 2018 гъэм къэрал 20-м щIигъу къекIуэлIат дунейпсо зэхьэзэхуэм. Абы щытекIуащ ди гъэсэнхэу **Тхьэмокъуэ Инал**, **КIыщ Рашид, Алэкъей Саидэ**, **Жылэхьэжхэ Къантемыррэ Азрэрэ**. ЖыпIэнурамэ, ди сабийхэм математикэ щIэныгъэр яфIэфIщ, дагъэгушхуэ!»

## СЫТЫМ ДИХЬЭХРЭ МАТЕМАТИКЭМ ЩЕХЪУЛIЭ ДИ САБИЙХЭР?

**КIыщ Рашид** спорт гимнастикэм, псы есыным. **Къанэмэт Алинэ** лъэпкъ къафэхэм. **Къуэдзокъуэ Софие** шахматым, фортепианэм. **Мэзло Лиерэ Уэлий СулътIанрэ** спорт лIэужьыгъуэхэм. **Муссей Санэ** шахматымрэ уэрэд жыIэнымрэ. **Теувэжыкъуэ Лалинэрэ Егужокъуэ Дамиррэ** псы есыным. **Гаджиев Рамазан** (гимн. № 29; 2 кл.) спорт лIэужьыгъуэхэм, лъэпкъ къафэм, сурэт щIыным; дохутыр хъунуи мэхъуапсэ. **Степанюк Кирилл** (еджю № 11; 2 кл.) псы есынымрэ шахматымрэ. **Нальгиев Мухьэммэд** (едж. № 23; 3 кл.) «тху»-кIэ йоджэ, къурIэным, дохутыр Iэщlагъэм.**Теунэ Равидэ** (едж. № 7; 5 кл.) «тху»-кIэ йоджэ, лъэпкъ къафэхэм. **ЛъыIэщын Лев** (прог. № 34; 4 кл.) псы есыным, футболым. **Бжий Лалинэ** («Радуга» гимн.; 2 кл.) хьэрыпыбзэм, псы есыным.**Тенджыз Заур** (лицей № 2; 6 кл.) спорт гимнастикэм. **Ныр Ахьмэдхъан** (лицей № 2; 4 кл.) «тху»-кIэ йоджэ, дзюдо, псы есыным, шахматым.

***ТЕКIУЖЬ Заретэ***


Муссей Санэ


Къуэдзокъуэ Софие


Ныр Ахьмэдхъан


Егужокъуэ Дамир


Гаджиев Рамазан

# КЪЭКIЫГЪЭХЭМ КЪЫТХУАЩIЭР



## ХЬЭУАР ЯГЪЭКЪАБЗЭ

«КъэкIыгъэр щIыуэпсым и тхьэмбылщ»,– жыдоIэ. Псэущхьэ псори дызэрыбауэ хьэуар зыгъэкъабзэр, лъышэкIэ (кислородкIэ) зыгъэнщIыр къэкIыгъэхэрщ *(жыг, гъурц, удз)*.



## ДАГЪАШХЭ

ЩIакхъуэр нэхъ шхыныгъуэфIхэм ящыщщ.
Ар гуэдзым *(пшеница)*, нартыхум *(кукуруза)*, хьэпцIийм *(рожь)*, хьэм *(ячмень)* н. къ. къыхащIыкI.

ЩIакхъуэм и хъыбарыр фщIэуэ пIэрэ? ЯпэщIыкIэ цIыхум гуэдз къигъэкIыу зригъэсащ. АрщхьэкIэ гуэдз жылэхэр апхуэдизкIэ быдэти, пхуэшхтэкъым. ЦIыхум, абы псы хикIэурэ, щабэ хъуху игъавэу къиублащ. Ар хьэгулывэ *(кашэ)* хъурт. Зэгуэрым абы Iуву игъэва и хьэгулывэр икIутри, мывэ пщтырым щытехуэм, IэфIу жьащ. Абы лъандэрэ цIыхум хупцIынэ ипщурэ игъажьэ хъуащ, ар зэрынэхъ IэфIыр къыгурыIуауэ.

Пасэрей зэманым щIакхъуэр хъурейуэ пIащIэу ягъажьэрт. ИужькIэщ щIакхъуэгъэтэджыр къыщагупсысар.



## ДАХУАПЭ

Бжьэхуцыр *(хлопок)* къэкIыгъэ Iэрысэ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщщ. Абы Iуданэ, щэкI, щыгъын, тепIэнщIэлъын къыхащIыкI. Япэрауэ, бжьэхуц налъэхэр зэхуахьэсри яжь, къабзэу ятхьэщIри Iуданэу хаш. Абы иужькIэ бжьэхуц IуданэмкIэ щэкIыр яхъэ.

Бжьэхуц налъэм и мызакъуэу, бжьэхуц жылэри къагъэсэбэп. Абы къыщIэкI дагъэм сабын, дахагъэ Iэрыщ I *(косметикэ)*, лэч къыхащIыкI.



## ДРАГЪАДЖЭ

Девгъэгупсыс: «Сыт хуэдэ Iэмэпсымэ еджакIуэхэм нэхъыбэрэ къагъэсэбэпыр?» Дауи, ар тхылъырщ. Тхылъым дрегъаеэ деджэу, дытхэу, дыбжэу. Абы и мызакъуэу тхылъым таурыхъ хьэлэмэтхэр къыдоджыкI, сурэт гъэщIэгъуэнхэр дегъэлъагъу, ди упщIэхэм жэуап къарет.

Апхуэдэу сэбэп къытхуэхъу хьэпшыпри къэкIыгъэм къыхащIыкI. ТхылъымпIэ щащI фабрикэм жыг лъэдийхэр ирашалIэри цIыкIу-цIыкIуу ягъэщащэ. А пхъэ щыкъуейхэм псы хакIэ, пIащIэу зэрагъэзахуэри ягъэгъущ. ТхылъымпIэр, хьэзыр зэрыхъуу, зэпагъэжри типографием ирашалIэ, тхылъ, журнал, газет н. къ. къыхащIыкIыну.

*Ди щIалэфIхэ, пщащэ дахэхэ, иджы фэри къэфщIащ къэкIыгъэхэм я мыхьэнэр, абыхэм ялэжь Iуэхушхуэр. Ахэращ ди хьэуар тхуэзыгъэкъабзэр, дызыгъашхэр, дызыхуапэр, дызыгъэхъужыр икIи дезыгъаджэр. АтIэ апхуэдиз къытхуэзыщIэ ди къэкIыгъэхэм факIэлъыплъ, ди щIыналъэ дахэм фыхуэсакъ!*

**Мы тхыгъэм къыхэгъэща хьэрфхэр зэкIэлъыфхьмэ, къэкIыгъэхэм ятеухуауэ зы псынщIэрыпсалъэ фыкъеджэнущ.**

***КIурашын Фатимэ***

«НУРЫМ» тетащ Хьэт лъэпкъыжьым ятеухуа тхыгъэ. Илъэс мин бжыгъэ зи ныбжь «ХьэтитIхэм я пшыналъэр» тыдодзэ. Ар зытеухуар къэхъуа Iуэхущ: ХьэтыщIым зиубгъуурэ Мысырым *(Египетым)* гъунэгъу щыхуэхъум, мо зызыужьа лъэпкъым ар ямыдэу зэщIэуззэдауэ къатеуэщ, зэзауэри хьэтхэр текIуащ. ЛъэпкъитIыр зэкIужри благъи зэхуэхъужащ.

Пшыналъэр щIытеддзэм щхьэусыгъуэ иIэщ. Мыбы къиIуатэр, хьэтхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ зэгъэпэщауэ, я бжыгъэри нэхъыбэу къатеуа лъэпкъым ахэр зэратекIуам и закъуэкъым, атIэ, зэи къэмыхъуа Iуэху зэралэжьарщ.

Зэбий лъэпкъхэр зэзэуа иужь, текIуам зытекIуар пщылIыпIэ ирегъэувэ. А хабзэр япэу зыкъутари, щакъутари мыбдежырщ: хьэтхэр я бийм екIужащ, зэгурыIуэ тхылъ-зэгулъ иращIылIэри. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, япэ дыдэу апхуэдэ акъылрэ цIыхугъэрэ къызылъыкъуэкIар лIыхъужьыпсэ а лъэпкъыращ. Дрогушхуэ.

***Пшыналъэр адыгэбзэкIэ зытхыжар Аброкъуэ Беллэщ.***

## ХьэтитIхэм я пшыналъэ

ХьэтитIу дядэжьхэр
Лъэпкъыжьу яIуатэ,
ХьэтитIым я пщыгъуэм
ЦIэрыIуэу зеужь.
Хы щIыбыр я щIыгуу
Хьэт лъахэр мэбагъуэ,
Мысырым екIуалIэу
Хьэт хэкум зеубгъу.
Рамзесу пащтыхьым
Щыхъуауэ ар гуажэ*,
ХьэтитIхэм я бийуэ
Къоувыр. Мэгубжь.
Бгъэ дамэ псэIухыу
ХьэтитIхэр мэзауэ,
Къыутанхэм* я шэрхъым
КIэщIэхуэр еужьгъ.
Бийм и гур ирахыу
ЛIыхъугухэр мэдалъэ,
КIэрыхур зытехуэ
ЩIы щхьэфэр мэгыз…

ЗэуапIэм и губгъуэ
ЗэрылIу итахэм
Я лIыгъэ зэрыщIэу
Зэгулъ* зэдащIыж,
Мысыр фирхьэуным
И дзэшхуэм текIуауэ,
ХьэтитIу лIыхъугухэр
Рамзесым йокIуж.



Хьэт сурэтыбзэ (пиктограммы)

◆ **Пшыналъэм зи гугъу ищI зауэр щекIуэкIар Къуэдэш** *(Кадеш)* **къалэрщ. Абдеж япэ дыдэу IэмалыщIэ къыщагъэсэбэпащ хьэтхэм. А IэмалыщIэмрэ къалэм и цIэмрэ зэпызыщIэр къэзыщIэу къытхуезыгъэхьым «Нурым» къыбгъэдэкIыу саугъэт еттынущ.**

*АдыгэбзэкIэ зытхыжам къыбгъэдэкIыу: «Мы пшыналъэр интернетым ильщ «Адыгэхэмрэ ахэм я хабзэхэмрэ» тхылъым кърахауэ. А тхыгъэри зи IэдакъэщIэкIыр сэращ, ауэ щыуагъэ хэтщ. Пэжыр мы журналым тетыращ».*

---

* *Гуажэ* – гущIыхьэ.
* *Къыутан* – шэрхъышхуэ зыщIэт гу (колесница).
* *Зэгулъ* – зэгурыIуэ тхылъ.

# ДЖЭГУАКIУЭ

Теплъэрыlуатэ (комикс)

*МЫСАЧЭ Мурат*

Псори къыщежьар иныжьыкъуэ хьэлэболэжьым и дежщ. Ар пщым ипхъу дахэм Iуплъэщ, ехъуапсэри, идыгъуащ. Абы къыкIэлъыпхъэрахэр къыщилъагъум, къуажэбгъум деж иIэ псыкъуий бгынэжам зригъэщэтащ.



1



2



3




4


Мо джэгуакIуэ нықъуэ-делэм къытредгъэхыжу гуфIапщIэр дэ дгуэшыж щхьэ мыхъурэ?!
Эй, мыдэ къакIуэт! Жьы пщIэту!
5


Хъунщ, содэ.
Къуэбэбжьабэм пщым ипхъу гъэфIар идыгъури мо псыкъуийм щигъэпщкIуащи, къытхуипхыжын?
Абы пщым пигъэкIуэну мылъкур зэдэдгуэшыжынщ.
6


7


Іэу-у-у! Уэуэуэу! Щхьэи къэздыгъуат мы гуащэ ябгэр?!
Мэ-тІэ! Мэ-тІэ! ДияпэкІэ пщІэнщ нэгъуэщІым ипхъу зэрадыгъу!
8


Ди пщащэр щІэбдыгъуар сыт? Иджы уфІэзмыгъэжу хъунукъым.
Хьэтыр уиІэмэ, шэж! Мэ, мы дыщэ пхъуантэри телъхьэ хузощІ. СыІэщІокІуадэ...
9


Мыр зи хьэлъагъри слъэфын хуейуэ...
Сыкъэбгъэнами хъунут. И нэ вагъуэр езгъэлъагъужынт а белэмбешэмым.
10




Фэ мо джэгуакIуэр дахэкIэ къифхыжыну псыкъуийм?!
Хьэ-хьэ-хьэаа! Сысейщ! Мыр псори сысейщ!
Щыгугъ абы! Сэращ мыр зейр!


Иджы, дахэ, дэ укъедгъэлауэ, иныжьым укъытетхыжауэ жепIэнущ уи адэм...
...Уи гъащIэр уфIэIэфIмэ!












*(КъыкӀэлъыкӀуэнущ)*




*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 10 2019 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Набор и вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Корректор
***Ф. КУРАШИНОВА***

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати
02.10. 2019 г.
Выход в свет 29.10.2019 г.

Формат 60х90 $^1/_8$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 2080 экз.
Заказ № 329
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 14,83 руб.; за 6 мес.– 88,98 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30

**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.



Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф» 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.